ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# QARAQALAPAQ XALÍQ NAQÍL-MAQALLARÍNDA GENDERLIK KONSEPTI

***Guli-Bonu Kurbanbaeva*** *– QMU, folklortanıw hám dialektologiya qánigeligi 1-kurs magistrantı*

***Annotaciya.*** *Bul maqala qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarınıń gender teńligi koncepciyasına tásirin talqılawǵa baǵıshlanǵan. Naqıl-maqallardaǵı hayal hám erkek rolleri, olardıń sociallıq bahası hám óz-ara múnásibetleri úyreniledi. Izertlewde bir tárepten, dástúriy patriarxal kózqaraslardı sáwlelendiriwshi, ekinshi tárepten, hayaldıń jámiyet hám shańaraqtaǵı áhmiyetli ornın ulıǵlawshı naqıl-maqallar salıstırmalı tallanadı. Maqala zamanagóy kózqarasta gender teńligin úgit-násiyatlaw hám dástúriy qádiriyatlardı saqlaw arasındaǵı teńlikti tabıw zárúrligin tiykarlap beredi.*

***Gilt sózler:*** *naqıl-maqallar, gender teńligi, patriarxal stereotip.*

Qaraqalapaq xalıq naqıl-maqalları áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan danalıq, turmıslıq tájiriybe hám mádeniy qádiriyatlardıń biybaha ǵáziynesi bolıp tabıladı. Olar ásirler dawamında qáliplesken xalıq mentaliteti hám sociallıq normalardı ózinde sáwlelendiredi. Bul naqıl-maqallar arasında hayal hám erkektiń jámiyettegi ornı, olardıń óz-ara múnásibetleri hám shańaraqtaǵı wazıypaları haqqındaǵı kózqaraslar áhmiyetli orın tutadı. Lingvistikalıq ádebiyatlarda "gender" termini kóp qollanılmaydı. Gender ayırmashılıqlardı izertlewshi ilimpazlardıń kópshiligi "seks" (pol/sexus) sózin qollansa da, anglichan tilindegi miynetlerde eki atama bir waqıtta qollanıladı. Geyde "gender" termini hám "rod" sózi egiz sıpatında qollanıladı. [1;80]

Gender teńligi - búgingi kúnde dúnya kóleminde áhmiyetli sociallıq, mádeniy hám huqıqıy másele sıpatında qaralıp atırǵan túsinik bolıp esaplanadı. Xalıq naqıl-maqallarındaǵı gender mazmunın úyreniw bolsa milliy oy-pikirde bul máseleniń tariyxıy tamırların anıqlaw imkaniyatın beredi. Sebebi naqıl-maqallar kóbinese hayal hám erkekti óz-ara teń salmaqlıqtaǵı, bir-birin tolıqtıratuǵın jámiyetlik janzat sıpatında súwretlewdi beredi.

Gender túsinigi zamanagóy lingvistikada basqa sociallıq pánlerge qaraǵanda keńirek bolıp, XX ásirdiń ekinshi yarımında kirip kelgen. Gender lingvistikası gender ózgesheliklerin izertleytuǵın til biliminiń tarawı bolıp, onda gender stereotiplerdiń, gender belgilerdiń til biliminde sáwleleniwi haqqında sóz etiledi. [2;12]

Kóplegen naqıl-maqallar dástúriy, patriarxal jámiyetke tán bolǵan gender rollerin bekkemleydi. Bul maqallarda erkek - shańaraqtıń basshısı, baǵıwshısı hám qorǵawshısı

ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

sıpatında, hayal bolsa úy biykesi, tárbiyashı hám erine boysınıwshı shaxs sıpatında súwretlenedi. **Erkek rolin ulıǵlawshı naqıllar:** “Er shekinispey, bekinispeydi.” [4. 15]; “Er jigit el ushın tuwadı, Eli ushın óledi.” [4.16]; “Er jigit óz elinde qádirli.” [4. 15]. **Hayaldıń úy xojalıǵındaǵı ornın belgileytuǵın naqıllar:** “Qatınsız úyden ıssı suw tabılmas.” [4. 21]; “Qatını joqtıń tazalıǵı bolmas.” [4.22].

Bunday naqıl-maqallar hayal hám erkek ortasında wazıypalar bólistiriliwiniń qatań sheklengenligin kórsetedi, bul bolsa zamanagóy gender teńligi talapları - wazıypalardıń teń bólistiriliwi hám hayaldıń jámiyetlik-siyasiy belsendiligi menen qarama-qarsı shıǵıwı múmkin.

Naqıllardı úyreniw hám klassifikaciyalaw dawamında sinonim bolmaǵan klassifikaciya mashqalasına da dus keldik. Mısalı: “**Hayalı ólgen, qızı bar awılǵa qarap jılar”** maqalında erkek jınısın kórsetiwshi leksikalıq birlik joq, sebebi onda qız hám hayal sózleri qollanılǵan. Biraq semantikalıq tárepinen gáp erkek haqqında ketip atırǵanın ańlaw múmkin. Bul naqıllar erkeklerge tiyisliligin ańlaǵan halda olardı erkekler toparına kirgiziw múmkin.

Sonıń menen birge, qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında hayaldıń aqıl-oyı, mártligi hám shańaraqtaǵı ornı qanshelli áhmiyetli ekenligin kórsetetuǵın mısallar da bar. Bul naqıl-maqallar gender teńligi ideyasınıń tariyxıy tamırları bar ekenligin ańlatıwı múmkin. **Hayaldıń aqıllı hám dana ekenligin atap ótiwshi maqallar:** "Erdi er etetuǵın da hayal, qara jer etetuǵın da hayal" [4. 21]; “Jaqsı qatın erin er qıladı, jaman qatın erin jer qıladı” [4. 22]; “Jaqsı qatın belgisi, Bılǵarı qılar terini. Jaman qatın belgisi, Qarızdar qılar erini.” [5. 132]; Hayaldıń shańaraq hám erdiń tabısı yamasa sátsizligine tikkeley tásiri bar ekenligi, bul úlken juwapkershilik hám kúshti ańlatadı. Bul naqıl-maqallar hayaldı tek ǵana fizikalıq miynet yamasa boysınıwshılıq penen sheklemey, onıń ruwxıy kúshin, shańaraq hám jámiyettegi strategiyalıq áhmiyetin tán aladı. Bul tárepler zamanagóy gender teńligi kózqarasınan hayaldıń qádirin arttırıwǵa xızmet etedi.

Soǵan qaramastan, ayırım naqıl-maqallarda hayalǵa qaraǵanda áyyemgi patriarxal stereotipler ushırasadı: “Erkek – gúbi, hayal – túbi” [5. 119]; “Erkek – bas, hayal – moyın” [5. 20]; “Iyt - wapa, qatın - japa” [4. 22]. Bunday naqıl-maqallar hayaldıń jámiyettegi belsendiligin sheklewshi, onıń dawısın ekinshi orınǵa qoyıwshı tariyxıy kózqaraslardı sáwlelendiredi. Olar patriarxal mádeniyat jemisi bolıp, házirgi zaman gender principlerine sáykes kelmeydi.

Folkloristlik kóz-qarastan qaraǵanda bunday naqıl-maqallar xalıq oy-pikiriniń evolyuciyasında bar bolǵan eski qatlamdı kórsetedi. Bul - zamanagóy gender teńligi menen salıstırmalı tallaw ushın áhmiyetli material bolıp tabıladı.

ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

Solay etip, barlıq naqıl-maqallar eki úlken toparǵa: erkek hám hayal adamlarǵa baylanıslı súwretlewshi toparlarǵa bólinedi. [3.46] Olardıń quramındaǵı naqıl-maqallar bolsa jáne de kishirek bolǵan tematikalıq toparlarǵa bólinedi.

1. Erkek hám hayaldıń sociallıq statusı.
2. Shańaraqlıq qatnasıqlar, sonday-aq, shańaraq hám erli-zayıplı roller haqqındaǵı kóz-qaraslar.
3. Tuwısqanlıq qatnasıqları (ata-ana, ájaǵa, dayı hám t.b. aǵayinlerdiń óz-ara múnásibetleri).

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları gender teńligi máselesin birdey súwretlemeydi. Olarda bir tárepten, dástúriy shegaralar bar bolsa, ekinshi tárepten, hayaldıń sheksiz qádiri hám onıń shańaraq hám jámiyettiń rawajlanıwındaǵı sheshiwshi roli tán alınadı.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında gender teńligi máselesin úyreniw sonı kórsetedi, naqıl-maqallar jámiyettiń tariyxıy rawajlanıw basqıshların hám sociallıq qatnasıqlar evolyuciyasın ózinde sáwlelendirip, hayal hám erkek rolleri arasındaǵı teń salmaqlılıqtı túrlishe talqılaydı. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarındaǵı danalıqtı joytpastan, olardı zamanagóy gender teńligi hám ádillik principlerine muwapıq túrde talqılaw áhmiyetli bolıp esaplanadı. Bul milliy ózlikti saqlap qalǵan halda, jámiyetti jáne de ádalatlı hám teńlikke tiykarlanǵan keleshekke jetekleydi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Tórebaeva F. Til biliminde gender túsiniginiń qáliplesiwi. Nókis. 2024.

2. Rzamuratova Z. Qaraqalpaq xalıq dástanlarında gender stereotiplerdiń súwretleniwi. Nókis. 2025.

3. Atabaeva N. Frazeologik birlik va maqollarda gender talqini. Urganch. 2013.

4. Қарақалпақ фольклоры 88-100-томлар.

5. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары.